Экономиканың тийкарғы тараўларынан бири болған хызметлер тараўының әҳимийети жүдә үлкен. Ислеп шығарыў процесслериниң қурамаласып атырғанлығы, базарды күнлик ҳәм индивидуал талапларға тән тутыныў товарлары менен толтырыў, инновацион раўажланыўдың жедел өсиўи жәмийет турмыс дәрежесиниң жақсыланыўына алып келеди. Булар финанс, транспорт, қамсызландырыў ҳәм басқа түрлердеги хызметлерсиз әмелге аспайды.

Хызметлер тараўында 12,9 мыңнан аслам кәрханалар ҳәм шөлкемлер жумыс ислеп атыр, бул көрсеткиш өткен жылдың сол дәўирине салыстырғанда 110,9 % ти қурады. Жаңа кәрхана ҳәм шөлкемлерди ашыў, сондай-ақ, ҳәрекет етип турған кәрхана ҳәм шөлкемлер тәрепинен инновацион технологиялардан пайдаланыў ҳәм көрсетилип атырған хызметлер түрлерин кеңейтиў келешекте жаңа жумыс орынларын көбейтиў ҳәм халықтың турмыс дәрежесин жақсылаўға имкан береди.

**Хызметлер тараўында ҳәрекет етип турған кәрханалар ҳәм шөлкемлер сани,** *бирликде*
*(фермер ҳәм дийқан хожалықларынан тысқары) 2020 жыл 1 октябрь жағдайына*



**2020 жыл 1 октябрь жағдайына кәрхана ҳәм шөлкемлердиң улыўма санында хызметлер тараўында ҳәрекет етип турған кәрханалардың үлеси,** *% те*
*(фермер ҳәм дийқан хожалықларынан тысқары)*




2020 жыл 1 октябрь жағдайына хызметлер тарауында ҳәрекет етип турған кәрхана ҳәм шөлкемлер курамыда ең жоқары үлесин саўда хызмети менен шуғылланыўшы кәрхана ҳәм шөлкемлер 39,0 % қурайды.

Жасаў ҳәм аўқатланыў тараўында ҳәрекет етип турған кәрхана ҳәм шөлкемлердиң үлеси 9,3 % ти қурады.

Хызметлер тарауында ҳәрекет етип турған кәрхана ҳәм шөлкемлердиң улыўма санында тасыў ҳәм сақлаў ҳәрекет түри менен шуғылланып атырған кәрхана ҳәм шөлкемлердиң үлеси 6,6 % ке жетти.

Денсаўлықты сақлаў тараўында ҳәрекет етип атырған ҳәм социаллық хызметлер көрсетиўши кәрханалар ҳәм шөлкемлердиң үлеси 3,1 % ти қурады.

Байланыс ҳәм мәлимлеме хызмети менен шуғылланыўшы кәрханалар ҳәм шөлкемлер үлеси 2,6 % ке тең болды.

2020 жыл январь-сентябрь айларында базар хызметлери ислеп шығарыўдың экономикалық хызмет түрлери бойынша көлеми 4574,5 млрд. сўмды қурады, соннан аўыллық жерлеринде 1219,5 млрд. сўм ямаса улыўма көрсетилген хызметлер көлеминиң 26,7 процентин қурады. 2019 жыл январь-сентябрине салыстырғанда өсим пәти 103,5 процентти қурады.

Хызметлер қурамында ең үлкен үлес транспорт (жәми хызметлердиң 26,3 проценти) ҳәм саўда (23,4 %), финанслық хызметлер (20,4%), байланыс ҳәм мәлимлеме хызметлер (6,1%),басқа хызметлер (23,8%) туўры келди.

**2020 жыл январь-сентябрь айларында көрсетилген хызметлер қурамы, % те**



**Январь-сентябрь айларында базар хызметлери ислеп шығарыўдың экономикалық хызмет түрлери бойынша қурамы**

| | *хәрекеттеги кәрханалар саны* | *млрд. сўм* | | *өсим пәти, %* | *үлеси, %* |
|---|---|---|---|---|---|
| | | *2020 ж.* | *2019 ж.* | | |
| **Жәми хызметлер** | **5979** | **4574,5** | **4086,5** | **103,5** | **100,0** |
| *соннан:хызмет түрлери бойынша:* | | | | | |
| байланыс ҳәм мәлимлеме хызмети | 127 | 278,9 | 256,3 | 107,9 | 6,1 |
| финанслық хызметлер | 99 | 934,3 | 720,7 | 127,0 | 20,4 |
| транспорт хызмети | 829 | 1 201,4 | 1 090,3 | 104,1 | 26,3 |
| *соннан:* автотранспорт хызметлери | 769 | 664,2 | 588,2 | 102,9 | 14,5 |
| жасаў ҳәм аўқатланыў хызметлери | 716 | 129,2 | 118,5 | 100,5 | 2,8 |
| саўда хызметлери | 2684 | 1 069,9 | 965,0 | 97,9 | 23,4 |
| көшпес мүлик пенен байланыслы болған хызметлер | 236 | 122,2 | 118,9 | 90,4 | 2,7 |

*даўамы*

| | ҳәрекет-теги кәрхана-лар саны | млрд. сўм | | өсим пәти, % | үлеси, % |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 2020 ж. | 2019ж. | | |
| билимлендириў тараўындағы хызметлер | 526 | 214,0 | 187,4 | 97,6 | 4,7 |
| ден-саўлықты сақлаў тараўындағы хызметлер | 216 | 46,1 | 47,3 | 77,9 | 1,0 |
| ижара ҳәм прокат хызметлери | 53 | 90,0 | 91,4 | 86,7 | 2,0 |
| компьютерлерди ҳәм турмыслық товарларды оңлаў хызметлери | 131 | 133,2 | 124,2 | 95,2 | 2,9 |
| басқа жеке хызметлер | 75 | 165,2 | 155,9 | 94,4 | 3,6 |
| архитектура, инженерлик излениўлер, техникалық сынаўлар ҳәм анализ тараўындағы хызметлер | 79 | 61,8 | 81,7 | 66,6 | 1,3 |
| басқа түрдеги хызметлер | 564 | 128,3 | 128,9 | 88,3 | 2,8 |

Хызметлер курамында ең үлкен үлес транспорт (жәми хызметлердиң 26,3 проценти) ҳәм саўда (23,4 %) хызметлерине туўры келди.

Сондай-ақ, финанслық хызметлер (127,0 процент), байланыс ҳәм мәлимлеме хызмети (107,9 процент) транспорт хызметлери (104,1 процент) өсим пәти жоқары болды.

**Экономикалық хызмет түрлери бойынша қурамы,**

*(2020 жыл январь–сентябрь, айларында жәмине салыстырғанда % те)*

| | |
|---|---|
| Транспорт хызмети | 26,3 % |
| Саўда хызметлери | 23,4% |
| Финанслық хызметлер | 20,4 % |
| Байланыс ҳәм мәлимлеме хызмети | 6,1 % |
| Билимлендириў тараўындағы хызметлер | 4,7 % |
| Жеке хызметлер | 3,6 % |
| Компьютерлерди ҳәм турмыслық товарларды оңлаў | 2,9 % |
| Жасаў хәм ауқатланыў хызметлер | 2,8 % |
| Басқа түрдеги хызметлер | 2,8 % |
| Көшпес мулк пенен байланыслы хызметлер | 2,7% |
| Ижара ҳәм прокат хызметлери | 2,0 % |
| Архитектура, инженерлик излениўлер | 1,3 % |
| Ден-саўлықты сақлаў тараўындағы хызметлер | 1,0 % |

Базар хызметлериниң улыўма көлеминдеги саўда хызметлери 23,4 % ең жоқары үлести қурайды. Саўда әпиўайы бөлистириў механизминен тутыныўшыға бағдарланған базар талапларын қәлплестириў процесслериниң актив қатнасыўшысына айланды. Ҳәзирги ўақытта, саўда хызметлери экономикада көрсетилген жәми хызметлер көлеминиң сезилерли бөлими болып есапланады.

**2020 жыл январь-сентябрь айларында саўда хызметлери қурамы, % те**



**2020 жыл январь-сентябрь айларында экономикалық хызмет түрлери бойынша хызметлер ислеп шығарыў көлеми, млрд. сўм**

| | | |
|---|---|---|
|  | Транспорт хызметлери | 1 201,4 млрд. сўм |
|  | Саўда хызметлери | 1 069,9 млрд. сўм |
|  | Финанслық хызметлер | 934,3 млдр. сўм |
|  | Басқа хызметлер | 326,2 млрд. сўм |
|  | Мәлимлеме хэм байланыс хызметлери | 278,9 млрд. сўм |
|  | Билимлендириў тараўындағы хызметлер | 214,0 млрд. сўм |
|  | Басқа жеке хызметлер | 165,2 млрд. сўм |
|  | Жасаў ҳәм аўқатланыў хызметлери | 129,2 млрд. сўм |
|  | Компьютерлерди товарларды оңлаў хызметлери | 133,2 млрд.сўм |
|  | Көшпес мүлик пенен байланыслы болған хызметлер | 122,2 млрд. сўм |

Усы жылдың январь-сентябрь айлары даўамында экономикалық хызмет түрлери бойынша көрсетилген хызметлер улыўма көлемде транспорт хызметлери ең жоқары үлести ийелеген болып, 1201,4 млрд. сўмды қураған, 2019 жылдың сол дәўирине (2019 жылда 1090,3 млрд. сўм) салыстырғанда 104,1 % ти қураған, сондай-ақ көрсетилген хызметлер көлеминде саўда хызметлери 1069,9 млрд.сўм (2019 жылда 965,0 млрд. сўм), финанслық хызметлер - 934,3 млрд. сўм (2019 жылда 720,7 млрд. сўм) ҳәм билимлендириў тараўындағи хызметлер 214,0 млрд. сўм (2019 жылда - 187,4 млрд. сўм) есесине туўры келди.

**Экономикалық хызмет түрлери бойынша ислеп шығарылған базар хызметлеридиң өсим пәтлери, %**
*(2020 жыл январь-сентябрь айлары ушын)*




Соның менен бирге, ең жоқары өсим пәтлери финанс тараўындағы хызметлер (27,0 %), байланыс ҳәм мәлимлеме тараўындағы хызметлер (7,9 %) ҳәм транспорт хызметлери (4,1 %) ке бақланды.

Республикамызда кредит сиясаты бойынша алып барылып атырған реформалардың даўам еттирилиўи финанслық хызметлердиң өсиўине имканият жаратты. 2020 жылдың январь-сентябрь айларында финанслық хызметлериниң өсим пәти 27,0 % ти курады.

Заманға сай банк хызметлерин көрсетиў, соннан “санлы” банклер ҳәм усақлап хызметлер курсетиўге қәлиплестирилген банк бөлимлери ашыў ушын инновацион банк технологияларини әмелятқа ендириў, аралықтан турып банк хызметлерин көрсетиў, төлеў сестемасин жәнеде раўажландырыў финанслық хызметлердиң тез пәтлер менен раўажланыўға жәрдем береди.

2020 жыл январь-сентябрь айларында финанслық хызметлер көлеми 934,3 млрд. сўмға тең болып, 2019 жыл январь-сентябрь айларына салыстырғанда өсиў пәти 127,0 % ти курады.

**2020 жыл январь-сентябрь айларында финанслық хызметлердиң қурамы, % те**



**2020 жыл январь-сентябрь айларында қала ҳәм районлар бойынша хызметлер ислеп шығарыў**

| | Көлеми млрд. сўм | Өсим пәти, % те | Халықтың жан басына мың сўмда | Өсим пәти, % те |
|---|---|---|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **4574,5** | **103,5** | **2 398,5** | **102,0** |
| Нөкис қ. | 2 702,6 | 104,5 | 8 414,0 | 103,0 |
| *районлар:* | | | | |
| Әмиўдәрья | 171,9 | 102,2 | 860,0 | 100,5 |
| Беруний | 182,4 | 102,3 | 947,4 | 100,4 |
| Бозатаў | 10,6 | 105,1 | 491,8 | 104,6 |
| Қанлыкөл | 42,5 | 102,7 | 830,3 | 101,3 |
| Қараөзек | 56,4 | 101,7 | 1 066,7 | 100,9 |
| Кегейли | 38,7 | 102,3 | 532,6 | 101,5 |
| Қоңырат | 529,5 | 101,7 | 4 057,4 | 100,4 |
| Мойнақ | 38,5 | 102,9 | 1 201,8 | 101,3 |
| Нөкис | 38,4 | 104,0 | 760,1 | 102,2 |
| Тақыятас | 71,6 | 101,6 | 965,7 | 100,4 |
| Тахтакөпир | 44,7 | 102,7 | 1 104,2 | 101,4 |
| Төрткүл | 206,1 | 102,3 | 957,3 | 100,6 |
| Хожели | 188,8 | 102,4 | 1 532,4 | 101,2 |
| Шымбай | 80,0 | 102,4 | 710,5 | 101,5 |
| Шоманай | 44,7 | 103,1 | 790,7 | 101,8 |
| Елликқала | 127,2 | 102,8 | 794,7 | 101,0 |

Қала ҳәм районлар кесимида хызметлердиң ең жоқары өсим пәти Бозатаў районы (105,1 %) ке туўра келди.

Қарақалпақстан Республикасы бойынша көрсетилген хызметлердиң 50 % тен ортиғи Нөкис қаласы (59,1 процент), Қоңырат районы (11,6 процент), Төрткул районы (4,5 процент) ҳәм Хожели (4,1 процент) районларына туўра келеди.

Ең паст өсим пәтлери Тахыятас районы (101,6 %), Караөзек районы (101,7 %), Қоңырат районы (101,7 %), Әмиўдәрья (102,2 %), Беруний (102,3 %) ҳәм Кегейли (102,3 %) районларида бақланды.

2020 жыл январь-сентябрь айларында халқтың жан басына көрсетилген базар хызметлери көлеми 2398,5 мың сўмды қўрады. Өсим пәти өткен жылга салыстырғанда 102,0 % ти қурады.

Усы көрсеткиш аймақлар арасында Нөкис қаласында 8 414,0 мың сўмнан Бозатаў районида 491,8 мың сўмға шекемги аралықты қурайды.

**Аймақлар бойынша халықтың жан басына көрсетилген базар хизметлариниң көлеми ҳәм өсим пәти**
*(2020 жыл январь-сентябрь айлары ушын)*



Халықтың жан басына көрсетилген хизметлер бойынша eң жоқары көрсеткиш Нөкис қаласында  8414,0 мың сўмға тең болып, өсим пәти өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 103,0 % ти курады.

Буннан тысқары, халықтың жан басына көрсетилген хызметлер көлеминиң сезилерли өсиўи  Бозатаў (104,6 %), Нөкис (102,2 %), Шоманай (101,8 %), Шымбай (101,5 %) хәм Кегейли (101,5 %) районларинда бақланды.

Халықтың жан басына көрсетилген хизматлердиң eң пәс көрсеткиши, Бозатаў (491,8 мың сўм), Кегейли (532,6 мың сўм) районларында бақланды.

**2020 жыл январь-сентябрь айларында қала хәм районлар бойынша саўда хызметлер көлеми**



| | |
|---|---|
| Нөкис қ. | 322,9 млрд сўм |
| Төрткул | 104,2 млрд сўм |
| Әмиўдәрья | 76,1 млрд сўм |
| Хожели | 98,2 млрд сўм |
| Беруний | 84,9 млрд сўм |
| Қоңырат | 67,1 млрд сўм |
| Елликкала | 58,5 млрд сўм |
| Шымбай | 42,1 млрд сўм |
| Тахыятас | 45,7 млрд сўм |
| Мойнақ | 23,9 млрд сўм |
| Қараөзек | 34,4  млрд сўм |
| Тахтакөпир | 25,4 млрд сўм |
| Қанлыкөл | 24,1 млрд сўм |
| Нөкис | 19,3 млрд сўм |
| Кегейли | 16,8 млрд сўм |
| Шоманай | 21,6 млрд сўм |
| Бозатаў | 4,7 млрд сўм |

Саўда хызметлери көлеми бойынша ең жоқары көрсеткиш Нөкис қаласында (322,9 млрд. сўм), Төрткүл (104,2 млрд. сўм) ҳәм Әмиўдарья (98,2 млрд. сўм) районларында бақланды.

Саўда хызметлери ең пәс көрсеткиш Бозатаў (4,7 млрд. сўм) районында гүзетилди.

2020 жыл январь-сентябрь айларында саўда хызметлери көлеми 1069,9 млрд. сўмға тең боды, өткен жылдың сол дәўирине салыстырғанда өсиў пәти 97,9 % ти қурады.

**2020 жыл январь-сентябрь айларында қала ҳәм районлар бойынша Саўда хызметлериниң өсим пәти, % те**




2019 жыл январь-сентябрь айларына салыстырғанда саўда хызматлеринде ең жоқары өсим пәтлери Бозатаў (117,4 %), Нөкис (110,2 %), Әмиўдәрья (109,6 %) хәм Кегейли районларында (109,2 %) бақланды.

Ең кем өсим пәти Нөкис қаласында (85,7 %) бақланды.

**2020 жыл январь-сентябрь айларында қала ҳәм районлар бойынша сақўда хызметлери үлеси, % те**




Саўда хызметлери көлеминде ең жоқары үлести қала ҳәм районлар арасында Нөкис қаласы (30,2 %) ҳәм Төрткүл (9,7 %) районлари ийелейди.

Қала ҳәм районлар арасында ең кем үлес Бозатаў (0,4 %), Кегейли (1,6 %) ҳәм Нөкис (1,8 %) районларына туўра келеди.

2020 жыл январь-сентябрь айларында транспорт хызметлери көлеми 1201,4 млрд. сўмга тең болды. Өткен жылдың сол дәўирине салыстырғанда өсим пәти 104,1 % ти қурады.

**2020 жыл январь-сентябрь айларында қала ҳәм районлар бойынша транспорт хызметлериниң өсим пәти ҳәм көлеми**




Транспорт хызметлери көлеми бойынша ең жоқары көрсеткиш Нөкис қаласы (567,2 млрд. сўм) ҳәм Қоңырат районинда (375,9 млрд. сўм) гүзетилди.

Транспорт хызметлери көлеми бойынша ең пәс көрсеткиш Бозатаў районында (2,4 млрд. сўм) гүзетилди.